

**CONTOH SOAL**  
**UJIAN TENGAH SEMESTER GENAP**  
**TAHUN PELAJARAN 2018-2019**  
**KURIKULUM KTSP 2006**

Nama : .....

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda

Kelas : VIII

Hari/Tanggal : .....Maret 2019

**I. Pilih jawaban anu pang benerna kucara nyakra a, b, c atawa d dina lembar jawaban!**

**KAMEKARAN SENI SUNDA**

Kumaha kamekaran seni Sunda kiwari ?

Pasualan éta geus remen jadi bahan padungdengan. Pangna kitu téh lantaran kahirupan urang Sunda kiwari geus loba kapangaruhan ku adat jeung kabiasaan nu jolna di deungeun. Eta hal téh gedé pangaruhna kana hirup huripna Seni Sunda. Karasa pisan, seni Sunda anu sakitu euyeubna téh nungtutan laleungitan. Sok sanajan kitu, henteu kabéh matak pikasalempangeun, sabab aya kénéh seni Sunda anu hirup, mekar, sarta tetep dipikaresep.

Kasenian Sunda nyampak tur mekar di unggal wewengkon, upamana baé wayang golék, calung, kendang penca, jeung degung. Ari anu hirup sarta mekar di hiji atawa sawatara wewengkon nyaéta sampyong di Kabupaten Majalengka jeung sabudeureunana, Sisingaan di Kabupaten Subang, Kuda Rénggong di Kabupaten Sumedang, Tarling di Kabupaten Indramayu, Bénjang di Kabupaten Bandung, Surak Ibra jeung Dodombaan di Kabupaten Garut.

Seni nu husus hirup di Kabupaten Majalengka jeung Kuningan nyaéta Gembyung jeung Sampyong. Hanjakal kamekaranana geus loba kadéséh ku ku seni modéren, anu antukna jadi kurang dipikawanoh ku masarakat.

Kasenian Sunda lianna anu masih kénéh pada mikaresep sarta sering dipintonkeun boh dina acara Agustusan, di nu kariaan, malah dina siaran televisi nyaéta calung, réog, degung, jaipongan jeung wayang golék.

Alesan pangna kasenian calung, réog, degung, jaipongan jeung wayang golék masih bisa hirup lantaran dianggap mampuh nuturkeun parobahan jaman. Calung ayeuna geus loba pisan robahna lamun dibandingkeun jeung calung baheula, pangpangna dina lebah nabeuh jeung lalaguanana. Baheula mah nu disebut calung teh rénténg, lantaran wadirana ngajajar ditalian sina ngarénténg. Tungtung tali nu hiji ditalikeun kana tihang, ari nu hiji deui ditalikeun kana awak anu nabeuhna. Atuh nabeuhna gé bari diuk.

Kiwari nabeuh calung téh dijingjing sabab wadirana henteu dirénténgkeun maké tali, tapi dirénténgkeun maké awi pikeun ngajjingjingna. Ku kituna dina magelarkeunana leuwih gampang. Nu nabeuh bisa gerak kalawan bébas. Malah sangkan leuwih dipikaresep, pintonanana dieuyeuban ku humor.

1. Naon sababna kahirupan Seni Sunda remen jadi bahan padungdengan?  
a. **Kahirupan sunda geus kapangaruhan**      c. Kabiasaan urang sunda modern  
b. Budaya sunda geus kapangaruhan      d. Pangaruh negatif ti luar
2. Seni naon bae nu kiwari geus kadeuseuh ku parobahan jaman?  
a. Jaipong      b. Kuda renggong      c. **Sempyong jeung gembyung**      d. Singa depok
3. Naon pangna seni calung masih di anggap hirup jeung mekar?  
a. **Bisa nuturkeun parobahan jaman**      c. Caritana diluyukeun jeung jaman  
b. Tampilanana geus modern      d. Tampilan/caritana menarik
4. Di handap ieu seni sunda has anu tumuwuh di wewengkon Majalengka, nyaeta....  
a. Kuda renggong      c. Surak ibra jeung dodombaan  
b. Singan depok      d. **Sampyong jeung Gembyung**
5. Seni sunda anu tumuwuh di daerah Sumedang nyaeta....  
a. **Kuda renggong**      c. Surak ibra jeung dodombaan  
b. Singan depok      d. Sampyong jeung Gembyung
6. Alat seni sunda disebut.....  
a. Wirahma      b. Wiraswara      c. **Waditra**      d. Aransemene
7. Jalma anu purah nembangkeun lagu dina pagelaran disebut.....

- a. Nganggit      b. Rampak sekar      c. Wiraswara      d. **Juru sekar**  
 8. Pagelaran drama anu dipintonkeun disebut.....  
   a. Rampak sekar      b. Wirahma      c. Aransemen      d. **Gending karesmen**  
 9. Lalaki anu purah nembang dina pagelaran di sebut....  
   a. Nganggit      b. Alok      c. Sinden      d. **Wiraswara**  
 10. Mun hayang juara kelas kudu.....diajar  
   a. **Getol**      b. Kedul      c. Berehan      d. Amis budi  
 11. Murid kelas dalapan salawasna .....  
   a. Gulung tikar      b. **Sarumangat**      c. Lindeuk      d. Mahal  
 12. Hayam leuweung mah hese rek ....  
   a. **Lindeukna**      b. Amis budi      c. Berehan      d. Kedul

**Titenan tabel di handap, tuluy jawab pananyana!**

NO	PAKASABAN KOLOTNA	JUMLAH SISWA
1.	Tani	40
2.	Wiraswasta	25
3.	Dagang	15
4.	Guru	3
5.	ABRI	1
	JUMLAH SISWA	84

13. Sabaraha siswa anu pakasaban kolotna wiraswasta?  
   a. 40 urang      b. **25 urang**      c. 15 urang      d. 3 urang  
 14. Pakasaban naon anu jumlah siswana panglobana?  
   a. Tani      b. ABRI      c. Dagang      d. Guru  
 15. Pakasaban naon anu jumlah siswana pang saeutikna?  
   a. Tani      b. **ABRI**      c. Dagang      d. Guru  
 16. Jumlah siswa anu pakasaban kolotna dagang nyaeta?  
   a. 40 urang      b. 25 urang      c. **15 urang**      d. 3 urang  
 17. Siswa anu di tes maca gancang aya tilu puluh tilu urang.  
 Kalimah di luhur kaasup kana kalimah....  
   a. Sifat      b. **Bilangan**      c. Bilangan tahapan      d. Kaayaan  
 18. Kecap **kahiji, kadua, jeung katilu** mangrupakeun kecap .....  
   a. **Bilangan tahapan**      b. Bilangan jumlah      c. Sifat      d. Kaayaan  
 19. Ceu Mariam mah **Amis budi**.  
 Amis budi hartina.....  
   a. **Hade akhlakna**      b. Hade rarayna      c. Hade awakna      d. Hade turunanana  
 20. Kecap-kecap ieu di handap kaasup kana kecap rundayan anu dirarangkenan ku rarangken tukang ing-/ning-, iwal.....  
   a. Estuning      b. Rasaning      c. **Suling**      d. Papadaning  
 21. Di handap ieu rupa-rupa conto maca rekreatif, iwal ti....  
   a. **Maca ensiklopedi**      b. Maca novel      c. Maca majalah      d. Maca komik  
 22. Mana kecap rundayan di handap ieu anu bener?  
   a. Mungguhning      b. Rasaing      c. Etuing      d. **Bakating**  
 23. Mana nu kaasup kana kalimah bilangan jumlah panahap?  
   a. Kamari mang Surya ngala kalapa samanggar  
   b. Siswa anu ajen macana cukup aya dua puluh dalapan urang  
   c. **Kuringmah lain anak cikal tapi katilu**  
   d. Kuring ngala cau saturuy  
 24. Siswa : “Wilujeng enjing, pa!”  
 Guru Silat : “.....”  
 Kalimah anu pas pikeun ngalengkepan paguneman di luhur nyaeta....  
   a. **Wilujeng enjing**      c. Bade naon jang?  
   b. Wilujeng siang      d. Bade ka saha cep?  
 25. Rek iraha indit ka Bandung teh?  
 Kalimah diluhur kaasup kana kalimah....  
   a. Panyambung      b. Panyeluk      c. Wawaran      d. **Pananya**

## II. Essay

1. Robah kalimah ieu di handap kana kalimah pananya!  
*Lantaran duitna kurang, buku teh teu tulus dibeuli.*
  2. Di handap aya conto wawancara anu can sampurna. Sampurnakeun atawa lengkepan ku hidup nepi ka bener tur merenah !

Siswa : "Wilujeng énjing, Pa !"

Guru Silat: “                         !”

Siswa : “ : !”

Guru Silat : "Oh, henteu ! Mangga baé upami aya taroskeuneun mah !"

3. Kalimah ieu di handap, ku hidep leungkepan nepi ka jadi kalimah bilangan!

Kacamatan Cingambul .....

4. Jieun 1 contoh kalimah sifat!
  5. Robah tabel di luhur kana grafik!